


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) mangrupa métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan objék nu alamiah, (salaku lawan dina ekspérimén). Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan pikeun ngabéjérbéaskeun tur ngadéskripsikeun fakta, kaayaan, jeung fénoména hiji kajadian anu keur lumangsung (Sugiyono, 2017, kc. 3).

Pamarekan kualitatif kalawan metode deskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sakabéh ma'na asosiatif nu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana, satuluyna, disusun desain panalungtikan minangka gambaran umum panalungtikan nu rék dipilampah salila panalungtikan pikeun ngahontal udagan nu tangtu (Indrawan, 2016, kc. 30). Sangkan ieu panalungtikan bisa ngahontal udagan, dijieun léngkah-léngkah nu mangrupa desain panalungtikan nu rék dipilampah, éta léngkah téh bisa ditilik dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh ma'na asosiatif dina sumber data. Ari sumber datana mangrupa kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* karya Yus Rusyana (1993) nu medal di Rahmat Cijulang. Ieu kumpulan carita pondok téh ukuran bukuna 12,5 x 17,5 cm. Kumpulan carita pondok nu kandelna 132 kaca téh ngamuat sabelas carita pondok saperti diwincik ieu di handap.

Sakumaha nu geus dipedar di luhur kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén* ngawengku sabelas carita pondok, eusi tina masing-masing caritana bisa diringkeskeun kieu.

- 1) “Putri Jin” nu kungsi dimuat dina Manglé no. 443, Séptémber 1974. Eusina nyaritakeun Wiratanudatar, putra Aria Wangsagorapana, anu ngarasa can sanggup saupama dijadikeun pamingpin sarta keur néangan katingtriman batin.
- 2) “Di Pasaréan” nu kungsi dimuat dina Manglé no. 361, Pébruari 1973. Eusina nyaritakeun buyutna si Kaula anu geus dikurebkeun di Wates, ari Wates téh tempat anu geus turun-tumurun dirusiaheun.
- 3) “Rerempon” nu kungsi dimuat dina Manglé no. 399, Nopémber 1973. Eusina nyaritakeun kaguligahan rasa Radén Raksagati anu indit ka padaleman mélaan kasangsaraan rahayat.
- 4) “Pasang Subaya” nu kungsi dimuat dina Gondéwa no. 41, Pébruari 1977. Eusina nyaritakeun lalampahan hiji Dalem (pamingpin) anu ngarojag tegal jarong pédah rék panggih jeung Dira (kapala karaman anu purah nyieun karusuhan).
- 5) “Apun Gencay” nu kungsi dimuat dina Hanjuang no. 26, Januari 1973. Eusina nyaritakeun Apun Gencay urang Cikembar anu jadi béntang di lemburna. Apun katelah mojang panggeulisna.
- 6) “Kotala” nu kungsi dimuat dina Gondéwa no. 7, Agustus 1972. Eusina nyaritakeun hiji awéwé anu miharep bisa ngarundaykeun turunan anu pinilih. Manéhna mindeng tatanya kumaha sakuduna lampah anu kudu dilakonan.
- 7) “Nyingkur” nu kungsi dimuat dina Manglé no. 418, Maret 1974. Eusina nyaritakeun Pangéran Damarséwu, Nyi Putri Damarséwu, Aki jeung Nini Johén anu rék nyingkur ku sabab dibeberik ku musuh.

- 8) “Pugerwangi” nu kungsi dimuat dina Manglé no. 366, Maret 1973. Eusina nyaritakeun katunggaraan si Engkang anu ditilar ku pamajikanana nalika ngababarkeun anakna.
- 9) “Du’a keur Umi” nu kungsi dimuat dina Gondéwa no. 17, Januari 1973. Eusina nyaritakeun lalampahan Kuring anu nyiar agama ka pasantrén-pasantrén nepi ka cunduk di pasantrén Sukamanah, pasantrén H. Zaenal Mustafa.
- 10) “Geuning Gambaran Sumping” nu kungsi dimuat dina Gondéwa no. 13, Juli 1972. Eusina nyaritakeun Mamang anu kasumpingan ku Gambaran nu hayang ngariksakeun alam sakurilingna.
- 11) “Miang” nu kungsi dimuat dina Gondéwa no. 25, Désémber 1972. Eusina nyaritakeun hiji jalma anu rék miang ningalkeun tempatna ngumbara. Manéhna geus aya di setasion nalika haténa guligah mikiran dirina anu di pangumbaraaan hirup nyorangan.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik ulikan pustaka. Nurutkeun Nazir (2013, kc. 93) ulikan pustaka nyaéta tehnik ngumpulkeun data kalawan ngayakeun ulikan talaah tina buku-buku, literatur-literatur, catetan-catetan, jeung laporan-laporan nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Analisis unsur langsung digunakeun pikeun ngolah data ngeunaan ma’na asosiatif. Ku ayana ieu téhnik dipiharep bisa ngabaturan kana ngumpulkeun data ngeunaan ma’na asosiatif.

Léngkah-léngkah panalungtikanna diruntuykeun saperti ieu di handap.

- a. Maca teks carpon.
- b. Nyalin kecap atawa frasa nu ngandung ma’na asosiatif.
- c. Nyalin data kana kartu data winangun tabél.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén nyaéta alat nu digunakeun dina waktu panalungtikan ku cara ngagunakeun métode. Instrumén panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa

kartu data digital. Kartu data digital digunakeun pikeun nyalin sakabéh ma'na asosiatif nu aya dina kumpulan carita pondok *Jajatén Ninggang Papastén*, nu dilengkepan ku idéntitas kayaning judul carita pondok, kaca, paragraf, jeung baris dicokotna éta kalimah kalawan alfabétis. Ieu di handap mangrupa conto kartu data nu digunakeun nalika ngumpulkeun data ma'na asosiatif.

Tabél 3.1
Data Ma'na Asosiatif

No.	No. Data	Data	f	Larapna dina Kalimah
1.				... (PJ/8/3/4)
2.				
3.				

Keterangan:

- f : frékuensi data
 PJ : Putri Jin
 8 : kaca
 3 : paragraf
 4 : baris

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun métode distribusional kalawan téhnik analisis unsur langsung. Unsur-unsur nu dianalisisna nyaéta kecap, frasa, klausa atawa kalimah anu ngandung ma'na asosiatif. Ari léngkah-lénglah ngolah datana saperti ieu di handap.

- a) Mariksa deui data nu geus dikumpulkeun.
- b) Nyusun jeung ngodean data sacara alfabétis.
- c) Nyieun papasingan data ma'na asosiatif dumasar kana wandana.
- d) Nganalisis data wanda jeung maksud tina ma'na asosiatif.
- e) Ngadéskripsikeun data wanda jeung maksud tina ma'na asosiatif.
- f) Napsirkeun wanda jeung maksud tina ma'na asosiatif.
- g) Nyusun kacindekan tina hasil panalungtikan.